



Sèvis Relasyon Kominotè (CRS) Depatman Jistis Etazini

Ede Kominote yo Evite ak Reponn a Krim Rayisans

Sèvis Relasyon Kominotè Depatman Jistis Etazini (CRS) sèvi kòm "Ajan Lapè Amerik la" nan fasilite konesans, konpreyansyon, ak komunikasyon nan kominote yo kap fè fas a konfli, epi devlope kapasite kominote yo pou anpeche ak rezoud konfli nan lavni.

Anba Tit X Lwa sou Dwa Sivil 1964 yo ak Anpèchman Krim Rayisans Lwa 2009 Matthew Shepard ak James Byrd, Jr. la, CRS reponn a konfli kominotè ki rive akòz diferans nan ras, koulè, orijin nasyonal, ak nan prevansyon epi li reponn a Krim Rayisans aktyèl oswa imajinè ki baze sou sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, oswa andikap. CRS pa gen otorite lapolis oswa lajistis. Olye de sa, CRS travay avèk kominote ki nan konfli yo pou ede rebati relasyon yo, fasilite konpreyansyon youn ak lòt, epi ankouraje devlopman solisyon lokal yo.

Anplwaye pwofesyonèl CRS yo travay dirèkteman avèk ofisyèl leta ak lokal yo, òganizasyon kominotè yo, defansè kominotè ak dwa sivil yo, gwoup relijye yo, ak lapolis sou yon baz volontè ki pa sou baz peye. CRS sèvi kòm yon pati ki net, e sèvis li yo konfidansyèl.

Kijan CRS ede kominote yo anpeche ak reponn ak swadizan krim rayisans yo?

CRS reyini divès lidè ak moun ki gen enterè pou edike kominote yo sou krim rayisans epi pou jwenn solisyon kolaborasyon pou prevansyon ak repons sou krim rayisans.

Sèvis espesifik CRS ki ede kominote yo adrese krim rayisans gen ladan yo ▼

Fasilite Dyalòg

CRS fasilite reyinyon ant lidè kominotè yo, otorite yo nan vil la, lapolis ak lòt moun ki gen enterè kle yo pou louvri liy komunikasyon ak ankouraje rezoud pwoblèm nan ka swadizan krim patipri/krim rayisans yo. Sijè ki souvan diskite yo enkli swadizan krim patipri/krim rayisans oswa ensidan, pratik lapolis pratik pou reponn a swadizan krim patipri/krim rayisans yo oswa ensidan yo, klarifye lwa lokal yo ki sou krim patipri/krim rayisans, pwotestasyon yo, manifestasyon yo, ak lòt repons kominotè, ansanm ak lòt pwoblèm ki enpòtan pou kominote a.

Fowòm sou Krim Rayisans

Fowòm mwatye jounen sa a bay manb kominote yo ak lapolis enfòmasyon ki gen rapò ak Lwa sou Anpèchman Krim Rayisans Matthew Shepard ak James Byrd, Jr. an, menm jan ak lwa sou krim rayisans nan eta yo ak lokal. Pwogram nan angaje lapolis lokal, avoka distri yo, lapolis federal, ak òganizasyon defansè kominote yo pou pataje pawòl ak enfòmasyon sou metòd pou konbat ak reponn kont ensidan patipri ak krim rayisans yo.

Ki sa yon krim rayisans ye?

Selon Biwo Envestigasyon Federal la (FBI), yon krim rayisans federal (ke yo rele tou krim patipri) se yon "ofans kriminèl kont yon moun oswa yon pwopriyete ke yon delenkan motive pou komèt annantye oswa an pati sou prejije kont yon ras, relijyon, andikap, oryantasyon seksyèl, etnisite, sèks oswa idantite seksyèl. "Eta yo varye konsènan gwoup yo oswa idantite yo ki pwoteje anba lwa eta a sou dekrè krim rayisans, seri krim yo ki kouvri, ak amelyorasyon pinisyon pou ofansè yo.

Fowòm pou Pwoteje Plas Adorasyon yo

Fowòm mwaye jounen sa a bay lidè relijye yo ak kongregasyon yo enfòmasyon sou jan pou rekonèt menas sou krim rayisans kont relijyon, lapolis lokal, eta yo, ak federal ak mezi pou pwoteje plas adorasyon yo kont krim rayisans ak lòt menas vyolans ki ka rive. Pwogram nan ankouraje aplikasyon yon pwogram sekirite, ki ofri pi bon pratik pou sekirite, ankouraje rezo ak kontak nan kominote a, epi li bay resous tankou egzanp plan sekirite ak repons kominote yo.

Idantifikasyon Pwoblèm nan Vil la oswa nan Lekòl & Rezolisyon Pwoblèm yo Ansanm (City-SPIRIT ak School SPIRIT):

Pwogram rezolisyon ak rezoud pwoblèm ywitèdtan sa a reyini reprezantan ki soti nan gouvènman lokal, kominote yo, òganizasyon relijye yo, lapolis, ak lòt pou idantifye ak analize pwoblèm ki fè enpak sou kominote a, pou fasilite apwòch kolaborasyon pou rezoud konfli yo, ak fasilite devlopman aksyon konkrè ant pati yo.

Fòmasyon Konsyantizasyon Kominotè

CRS fè fòmasyon pou lapolis, ofisyèl gouvènman, ak lòt moun sou koutim, kilti, ak pratik yo nan divès kominote pou ranfòse relasyon ant lapolis ak kominote ke yo sèvi yo. Fòmasyon sa yo gen ladan Angaje ak Bati Patenarya ak Ameriken Mizilman yo, Angaje ak Devlope Patenarya ak Ameriken Sikh yo, ak Lapolis ak Fòmasyon pou Kominote Transjandè a. Fòmasyon entèaktif ak enfòmatif sa yo gen ladan sijè tankou senbòl ak lang kiltirèl, enpak krim rayisans, ak pi bon pratik pou angajman ak rezoud pwoblèm. Alafen, fòmasyon sa yo sipòte wòl lapolis nan pwoteje ak sèvi tout moun nan kominote yo.

Medyasyon

CRS ofri sèvis medyasyon pou ede kominote yo rezoud konfli ak tansyon nan negosyasyon fas-a-fas ant moun ki gen enterè yo. Objektif medyasyon an se pou devlope akò ekri ant pati yo pou ogmante konfyans, amelyore patenarya kominotè, ak bati kapasite lokal pou anpeche ak reponn a konfli nan lavni.

Ki kote nou travay ▼

CRS Katye Jeneral 📍
Washington, DC

Biwo Rejyonal CRS yo 📍

Nouvo Angletè
Boston, MA

Nòdès
New York, NY

Mitan-Atlantik
Philadelphia, PA

Sidès
Atlanta, GA

Mitan-wès
Chicago, IL

Sidwès
Dallas, TX


Santral
Kansas City, MO

Rocky Mountain
Denver, CO

Lwès
Los Angeles, CA

Nodwès
Seattle, WA

Biwo Andeyò CRS yo 📍
Miami, FL Houston, TX
Detroit, MI San Francisco, CA



Jwenn nou, konekte ak nou ▼

www.justice.gov/crs

 [facebook.com/DOJCRS/](https://www.facebook.com/DOJCRS/)

 [@DOJ_CRIS](https://twitter.com/DOJ_CRIS)

 askcrs@usdoj.gov

 202.305.2935